



Australian Government
Department of Health

Gufasha abagandaye n'abahahamuwe na COVID-19 mu gisata c'ukwitwararika abageze mu za bukuru

Reta ya Australia iraha amahera ibikorwa bishigikira abagandaye, ababuze ababo n'abahahamutse mu gisata c'abitwararika abageze mu za bukuru muri Australia. Ivyo bikorwa birahari ku bantu bageze mu za bukuru, ibigo vyitwararika bikakira abageze mu za bukuru, abacuti babo hamwe n'abakozi bakora mu bigo biraba abageze mu za bukuru. Urashobora gukoresha ivyo bikorwa ubwawe, canke ureke abo ukunda n'ibibano bamenye ivyo ari vyo.

Bitangwa ku buntu kuri bose.

Ayo mashirahamwe yose arubaha imico kama y'abantu, amadini yabo, akaranga k'umuntu n'ukugene babayeho. Nimba wewe canke umukunzi wawe akeneye umusiguzi, hamagara ibikorwa vyo gusigura n'ugusobanura kuri **131 450**. Saba ururimi rwawe hamwe n'ibikorwa ushaka ko bagushirako.

Ugushigikira abagandaye n'ababuze ababo

Iterefone y'uguhanura:

Ikigo ca Australia gifasha abagandaye n'ababuze ababo gifasha abakozi bitwararika abageze mu za bukuru, abatanga imfashanyo ku bageze mu za bukuru, imirwi y'amadini n'ibibano bigandaye kandi vyabuze ababo kubera COVID-19. Hamagara kuri **1800 222 200** kugira ngo uhabwe impanuro y'ukugene ushobora gufasha ikibano cawe.

Igihe uzoba uhamagaye, urashobora kuvugana na bo ico ugomba gushigikira yaba wewe canke abo ukunda. Muri ivyo hashobora kuba harimwo ugutanga impanuro ku murwi, canke uguha impanuro umuntu umwe mumwe harimwo n'uwabimogoreye biciye kuri telehealth (biciye kuri telephone, canke kuri videoconference), canke wewe uhishikiye.

Ikigo ca Australia ku bagandaye no ku babuze ababo gifise abakozi bavugana indimi zibiri zibiri bakorana n'ababitura mu Carabu, Czech, Farsi, Igifaransa, Igitaliyano, ikiyapani, Maltese, Sinhala, Tamil, Spanish n'iki Yiddish. Saba ururimi rwawe iyo uhamagaye. Ku zindi ndimi, hamagara ubwa mbere ibikorwa vyo gusigura no gusobanura kuri **131 450** kandi uce usaba ikigo ca Australia kujeje abagandaye n'ababuze ababo.

Ikigo ca Australia c'abagandaye n'ababuze ababo vyongeye kirashigikira ikoreshwa rya Auslan ku bagandana ubumuga bwo kutumva n'abafise ingorane zo kwumva.

Ugushigikira abagandana ubumuga bwa Dementia:

Ugushigikira abagandana ubumuga bwa Dementia bo muri Australia batanga imfashanyo y'amasaha 24/24 mu gufasha muri Australia yose kandi imisi yose 365 ku mwaka. Batanga impanuro hamwe n'ibisabwa abantu bitwararika umuntu agandana ubumuga bwa dementia. Bahamagare kuri **1800 699 799**. Nimba wewe canke uwo ukunda akeneye umusiguzi, usabwe guhamagara ibikorwa vyo

gusigura no gusobanura kuri **131 450** kandi uce usaba abashigikira abagendana ubumuga Dementia muri Australia.

Ukuvugira abatagira kivugira:

Urunani rw'ukuvugira abageze mu za bukuru rutanga ibikorwa vy'ukuvugira abitwararika abageze mu za bukuru muri Australia yose. Nimba hari ingorane ufise zerekeranye n'ibikorwa vy'ukitwararika abageze mu za bukuru uriko uraronka, barashobora kugufasha. Urunani rw'abavugira abageze mu za bukuru rutanga ukuvugira abo bantu ku buntu kandi mw'ibanga ntangere, ubuvugizi bwigenga, bakabaha inkuru n'ukumenyereza abageze mu za bukuru, imiryango yabo, n'ababaserukira. Bahamagare kuri **1800 700 600**. Nimba umukunzi wawe akeneye umusiguzi, hamagara ku bikorwa vyo gusigura no gusobanura kuri **131 450** kandi uce usaba umuhora w'abavugira abageze mu za bukuru.

Izindi nkuru ku vyerekeranye na COVID-19

Ni ngirakamaro kuguma uzi ibiriko biraba biciye mu babifitiye ububasha. Ronderera kuri [health.gov.au](https://www.health.gov.au) canke uhamagare umurongo w'igihugu wo gufasha abafise umugera wa Corona kuri **1800 020 080** Ku bikorwa vyo gusobanura no gusigura hamagara kuri **131 450** maze usabe umurongo w'igihugu ufasha abafise umugera wa Corona.